

Kouvèti Medicare epi COVID-19

Diran ijans sante medikal la, li trèzenpòtan pou w konnen ki sèvis Medicare kouvri ki asosye avèk COVID-19 epi kijan w ka jwenn swen.

Tès COVID-19

Medicare kouvri premye tès COVID-19 ou fè san doktè a oubyen lòt founisè swen medikal kalifye fè rekòmandasyon pou tès la. Apre w fè premye tès la, Medicare egzije pou doktè a ba w yon rekòmadasyon pou tout lòt tès COVID-19 ou fè apre. Ou pa p dwe anyen pou analiz laboratwa a epi pou tout konsiltasyon kay doktè ki an rapò avèk tès la (okenn dediktib, ko-asirans, oubyen kopeman). Sa pou toulède Original Medicare epi Medicare Advantange Plan.

Apati lendi 4 avril 2022, si w gen Medicare Part B ou ka resevwa 8 tès yo ka fè lakay ki vann san preskripsyon (over-the-counter, OTC) nan men pouvwayè e famasi san yo pa peye anyen pou yo. Pwogram sila ap kontinye jouk nan fen ijans nan sante piblik la. Verifye avèk famasi a oubyen avèk pouvwayè a alavans pou w konnen si yo nan pwogram sila.

Vaksen pou COVID-19

- Original Medicare Part B kouvri vaksen e dòz rapèl kont COVID-19, kèlkeswa si w gen Original Medicare oubyen yon Medicare Advantage Plan. Ou pa gen anyen w ap peye pou vaksen e dòz rapèl yo.
 - Reprezantan lasante rekòmande nou pran vaksen epi dòz rapèl kont COVID-19 pou pwoteksyon maksimòm kont viris la. Pale avèk doktè k ap suiv ou a si w gen kesyon ou ta renmen poze oubyen si w gen enkyetman.
- **Vini avèk kat Medicare wouj, blan, epi ble ou a lè w ale nan randevou vaksen ou an, menm si se Medicare Advantage Plan ou genyen.** Si w pa gen kat ou a avè k, moun k ap ba w vaksen an gendwa mande pou nimewo sekirite sosyal ou a pou yo chache wè enfòmasyon Medicare ou a.

Tretman antikò COVID-19

Medicare kouvri antikò monoklonal pou tretman COVID-19. Ou pa p dwe anyen oumenm (dediktib, ko-asirans, oubyen kopeman)

Medicare Advantage Plan dwe kouvri tout sa Original Medicare kouvri, men yo ka gen diferan pri epi diferan restriksyon.



Kouvèti Medicare epi COVID-19

Avantaj telesante ofri

Yon sèvis telesante se yon konsiltasyon konplè avèk doktè a ki fèt nan videyo. Diran ijans medikal piblik la, Medicare kouvri konsiltasyon nan lopital epi nan kabinè doktè, konsèy pou sante mantal, egzamen preventif pou sante, epi lòt konsiltasyon nan telesante pou tout moun ki gen Medicare. Ou ka jwenn avantaj sa yo lakay ou oubyen nan etablisman ki founi swen medikal. Ou gendwa dwe nan pataj frè òdinè (tankou ko-asirans epi kopeman) pou sèvis sa yo. Si w gen yon Medicare Advantage Plan, se pou l kouvri sèvis telesante tou. Kominike avèk plan an sou detay frè epi kouvèti li yo.

Renouvèlman preskripsyon

- Diran ijans sante piblik la, Medicare Advantage ou genyen an oubyen plan Part D ou an sipoze retire tout restriksyon ki anpeche w renouvle anvan lè pifò nan preskripsiyo yo.
- Diran ijans sante piblik la, tout Medicare Advantage epi plan Part D dwe pou yo kouvri medikaman pou yon maksimòm 90 jou lè w mande pou li. Sepandan, plan yo pa ka founi yon medikaman pou plis pase 90 jou si li gen sèten restriksyon sou kantite ki ka founi an sekitire, tankou restriksyon ki an jeneral konsène opyoyid.

Kominike avèk **State Health Insurance Assistance Program (SHIP)** si w bezwen yo ede w konprann kisa Medicare kouvri epi kijan pou w jwenn swen.

Kijan pou jwenn SHIP ou a

Nimewo telefòn gratis : 877-839-2675

(Lè yo mande pou rezon koutfil ou a, annik di : « Medicare ».)

Pou lokalize SHIP sou entènèt la : www.shiphelp.org

(Klike sou bouton jòn abriko a ki rele « wenn èd lokal pou Medicare » oubyen « Jwenn SHIP ».)

Dokiman sa a soutni, an pati, pa nimewo sibvansyon 90SATC0002 nan U.S. Administration for Community Living, Department of Health and Human Services, Washington, D.C. 20201. Nou ankouraje benefisyè ki antreprann pwojè sou parennaj gouvènman an di ak tout libète sa yo konstate epi tou sa yo konkli. Pwennvi oubyen opinyon yo pa nesesèman reprezante politik ofisyèl Administration for Community Living. [Avril 2022]